# CHEMEN POU DIPLÒM

## SE POU W '#GRADTASTIC'

**Diplòm Distenksyon Sipèentandan** an se pou elèv ki anwole nan owmen 4 kou "Honors" (Onè), AP, IB, AICE, IS, e/oubyen DE, ki fini omwen 75 èdtan sèvis kominotè, e ki resevwa yon GPA 3.5 oubyen plis lè l rive nan fen premye semès Ane Segondè a fini san yon nòt final "C" oubyen pi ba nan relve nòt yo.

**Deziyasyon Etidyan** an se pou elèv ki pase EOC Jeyometri, Biyoloji, ak Istwa Etazini yo e pran klas anplis tankou Aljèb II, Estatistik, Chimi, Fizik, 2 kredi nan menm lang etranje, e yon kou AP, IB, AICE, oubyen DE.




**Diplòm Estanda** a se diplòm yo bay tout elèv ki satisfè demann gradyasyon Eta Florid yo. Demann sa yo gen ladan kenbe yon GPA 2.0, klas espesifik, e pase egzamen yo bay nan eta a.

**Deziyasyon Merit** la se pou elèv ki atenn youn oubyen plis sètifikasyon endistri.

**So Konn Li ak Ekri nan De (2) Lang** nan se pou elèv ki gen yon GPA 3.0 oubyen plis ki resevwa omwen yon 3 nan FSA a, ki fini 4 kredi nan yon lang etranje AP, IB, oubyen egzamen AICE.

## TÈMINOLOJI

AP – Plasman Avanse
IB – Bakaloreya Entènasyonal
AICE – Sètifikasyon Edikasyon Entènasyonal Avanse 'Cambridge'
IS – Etid Etènasyonal
DE – Anwolman Doub
EOC – Egzamen Fen Kou
GPA – Mwayèn Jeneral
FSA – Evalyasyon Estanda Florid

## KI DIPLÒM OU GENYEN?